

No. 187

DEKRÈ EGZEKITIF

**GARANTI DIVÈSITE AK ENKLIZYON EPI KONBAT ASÈLMAN AK DISKRIMINASYON  
NAN MILYE TRAVAY**

**LÈ NOU KONSIDERE**, se yon pilye gouvènans demokratik Eta New York la pou nou trete tout anplwaye Eta New York la yo yon fason egal devan lalwa epi yo gen dwa pou yo jwi de pwoteksyon, dwa ak obligasyon lalwa preskri yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta New York la pran angajman anvè yon kilti respè ki valorize ak pwomouvwa divèsite, enklizyon ak opòtinite egal, kote pa gen okenn diskriminasyon ki baze sou estati klas pwoteje yo, ki gen ladan laj, ras, lafwa, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, orijin nasyonal, estati militè oswa veteran, andikap, karakteristik predispozisyon jenetik yo, eta sivil oswa sitistasyon famiyal, estati viktim vyolans domestik, dosye arestasyon oswa kondanasyon kriminèl nan tan pase, oswa lòt baz inadmisib yo, nan tout fonksyon anplwaye Eta New York yo pèfòme, ak sèvis yo ofri yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, se politik Eta New York la pou l pwoteje ak pwomouvwa divèsite, enklizyon ak opòtinite egal osen mendèv Eta a konfòmman ak egzijans Lwa sou Dwa Zimen Eta New York la (New York State Human Rights Law), Tit VII Lwa sou Dwa Sivil Federal la (Federal Civil Rights Act), Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act), ak tout egzijans aplikab lwa Eta New York ak lwa federal la yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, li enperatif pou Eta New York la kontinye efò l ap fè pou fasilite estrateji efikas ki kowòdone pou gen divèsite ak enklizyon, epi pou anpeche ak rezoud pwoblèm diskriminasyon ak asèlman nan tout nivo gouvènman eta a, kote yo ap itilize meyè pratik yo epi itilize resous atravè tout ajans Eta New York la yo nan fason efikas;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta New York la pran angajman pou nou reyalize rekòmandasyon global Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon (Advisory Council on Diversity and Inclusion) Gouvènè a pou ogmante divèsite ak enklizyon nan gouvènman eta a;

**ANKONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

**I. Komite pou Divèsite, Enklizyon, ak Opòtinite Egal (Executive Committee for Diversity, Inclusion, and Equal Opportunity) Gouvènè a**

- a. Avèk dokiman sa a, nou ap tabli Komite pou Divèsite, Enklizyon, ak Opòtinite Egal Gouvènè a epi li dwe gen pou manm moun ki annapre yo: Ofisye Divèsite an Chèf la, ki dwe sèvi kòm prezidan komite a, Komisè Sèvis Sivil la, ki dwe sèvi kòm Vis-Prezidan, Direktè Bidjè a, Komisè Divizyon Dwa Zimen an (Division of Human Rights), Komisè Sendika, Sekretè Eta a, Direktè Relasyon Anplwaye yo, Direktè Zafè Veteran yo, ak Komisè Biwo pou moun ki gen Andikap Devlòpmantal yo (Office for People With Developmental Disabilities). Prezidan ak Vis-Prezidan an gendwa modifye afilyasyon manm komite a yo, an akò ak lòt manm aktyèl komite a yo. Vis-prezidan an dwe pèfòme fonksyon prezidan an yo lè prezidan absan ak nan lè prezidan gendwa mande l.

- b. Komite a dwe konseye Gouvènè a, Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la nan kad fòmilyasyon ak kowòdinasyon plan, politik, ak pwogram ki gen rapò ak divèsite ak enklizyon yo nan tout Antite Eta ki Afekte yo, jan sa preskri nan Atik II Dekrè sa a, epi pou asire antite sa yo reyalize politik, plan, ak pwogram yo.

## II. Planifikasyon Global sou Divèsite ak Enklizyon Eta a

- a. Definasyon: Jan tèms sa yo itilize nan dokiman sa a, yo dwe gen siyifikasyon ki endike anba la a:
  - i. “Antite Eta Ki Afekte” yo vle di (i) tout ajans ak departman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif; epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon yo, eksepte Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey).
  - ii. “Ofisye oswa anplwaye Eta” dwe satisfè siyifikasyon yo bay nan Seksyon 73 Lwa sou Fonksyonè Piblik la yo (New York Public Officers Law).
- b. Responsabilite Komisè Sèvis Sivil la ak Ofisye Divèsite an Chèf la yo
  - i. Pa pi ta pase 31 Desanm 2018, Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la dwe prepare objektif global tout eta a gen pou anplwa minorite yo, fanm, madivèn, moun ki omoseksyèl, biseksyèl, oswa transeksyèl yo (lesbian, gay, bisexual, and transgender, LGBT), moun ki andikape yo, ak veteran yo, ak direktiv pou ajans yo swiv pou yo prepare plan pou divèsite ak enklizyon yo, ki gen ladan politik, objektif, ak estrateji reyalizasyon yo. Yo dwe devlope objektif ak direktiv sa yo avèk konsèy Komite Egzekitif pou Divèsite, Enklizyon, ak Opòtinite Egal yo tabli konfòmman ak Atik I Dekrè sa a ap ba yo epi yo dwe mete l ajou jan sa nesèsè.
  - ii. Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la dwe responsab pou sipèvizè reyalizasyon plan pou divèsite ak enklizyon ajans Eta yo te soumèt alekri sou baz kontinyèl, ki gen ladan bezwen pou revize oswa modifye plan sa yo epi yo dwe bay Gouvènè a rapò regilyèman sou pwogrè yo, enkòpore rekòmandasyon yo pou yo ka amelyore ak ranfòse efò sa yo.
  - iii. Apre Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la dekouvri ke yon ajans oswa yon departman Eta a pa konfòm a egzijans oswa kondisyon Dekrè sa yo nan yon fason konsiderab, Ofisye Divèsite an Chèf la dwe avize ajans lan oswa departman an de dekouvèt sa a epi pwopoze yon plan pou yo pran mezi korektiv. Ajans oswa departman an dwe gen 30 jou apati de dat yo resevwa avi a pou yo aksepte plan mezi korektiv la oswa soumèt yon plan mezi korektiv altènatif akseptab bay Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè a. Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè a gendwa travay dirèkteman ak ajans lan oswa departman an pou yo devlope ak reyalize plan mezi korektiv la jiskaske yo satisfè ke ajans lan oswa departman an pral reyalize plan an konfòmman ak dispozisyon Dekrè sa a yo.
  - iv. Komisè Sèvis Sivil la dwe prepare yon rapò anyèl sou konpozisyon mendèv chak ajans ak departman Eta a ki repati pa sèks ak idantite etnik pou tout kategori djòb yo, tranch salaryal yo, ak klasifikasyon sèvis sivil yo. Ofisye Divèsite an Chèf la pandan l ap travay an kolaborasyon ak Komisè Sèvis Sivil la dwe mennen etid pou yo idantifye ak rezoud pwoblèm yo nan kad eliminasyon sou-reprezantasyon ak sou-itilizasyon minorite yo, fanm, ak moun LGBT yo, moun andikape yo, ak veteran yo, epi yo dwe bay Gouvènè a rekòmandasyon konsènan adopsyon oswa modifikasyon lòt lwa, règ, ak règleman yo pou menm objektif la.
  - v. Avèk dokiman sa a, nou ap tabli Biwo pou Jesyon Divèsite a (Office of Diversity Management) anndan Departman Sèvis Sivil la (Department of Civil Service). Biwo Jesyon Divèsite a dwe responsab pou asiste Komisè Sèvis Sivil la ak Ofisye Divèsite an Chèf la nan kad devlopman ak reyalizasyon efikas plan, politik ak pwogram pou divèsite ak enklizyon yo toupatou atravè Eta a. Ajans, ofisye ak anplwaye Eta a yo dwe kowopere ak Biwo Jesyon Divèsite a epi yo gendwa transfere anplwaye nesèsè yo pou yo ale nan Biwo Jesyon Divèsite a konfòmman ak Lwa sou Sèvis Sivil 70.2. a.

- c. Fason Ajans Eta a yo ap Devlope ak Reyalize Pwogram Divèsite ak Enklizyon yo
  - i. Chak Antite Eta ki Afekte dwe devlope yon plan divèsite ak enklizyon ki konfòm ak direktiv Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la te devlope daprè Atik II (b)(i) Dekrè sa a.
  - ii. Responsab chak Antite Eta ki Afekte dwe deziyen yon anplwaye kòm ofisye divèsite ak enklizyon ajans lan epi rapòte deziyasyon sa a bay Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la. Ofisye divèsite ak enklizyon an dwe pote rapò bay responsab ajans lan epi li dwe fè anplwaye soutyen sa a akonpli fonksyon l yo jan sa apwopriye.
  - iii. Apati 31 Desanm chak ane, kòmanse an 2019, chak Antite Eta ki Afekte dwe soumèt yon rapò sou divèsite ak enklizyon bay Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la. Yo dwe soumèt rapò sa yo regilyèman, men pa mwen souvan pase chak ane, nan yon fòm epi konfòmman ak estanda Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la te pibliye yo, epi yo dwe gen ladan yon rapò sou mezi anplwa ajans lan pran konsènan minorite, fanm, moun andikape, moun LGBT yo, ak veteran yo, epi yo dwe idantifye akonplisman, defayans ajans lan yo, solisyon yo pwopoze pou pwoblèm yo, bezwen pou asistans ekstèn, ak lòt sijè jan sa apwopriye oswa jan yo mande.
  - iv. Chak Antite Eta ki Afekte dwe kowopere ak Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la pou yo ofri nenpòt lòt enfòmasyon, done, ak rapò jan yo jije ki nesèsè.
- d. Konsèy sou Divèsite ak Enklizyon Mendèv Eta a (State Workforce Diversity and Inclusion Council)
  - i. Avèk dokiman sa a, nou ap tabli Konsèy sou Divèsite ak Enklizyon Mendèv Eta a [oswa “Konsèy Mendèv la” (the “Workforce Council”)]. Li dwe gen ladan ofisye divèsite ak enklizyon chak ajans yo deziyen yo konfòmman ak Atik II(c)(ii) Dekrè sa a. Yo dwe mennen aktivite Konsèy Konsiltatif la yo konfòmman ak règleman manm yo te adopte yo epi yo sijè a apwobasyon Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la.
  - ii. Konsèy Konsiltatif la dwe konseye Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la, ak Komite Egzekitif pou Divèsite, Enklizyon, ak Opòtinite Egal la ke nou tabli konfòmman ak Atik I Dekrè sa a, sou tout politik, pwosedi, pratik, ak pwogram yo pwopoze an rapò ak oswa k ap afekte pwogram aksè a egalite a (affirmative action), epi konfòmman ak nenpòt demand Ofisye Divèsite an Chèf la ak Komisè Sèvis Sivil la, yo dwe soumèt rapò sou aktivite li yo.

### **III. Konbat Asèlman ak Diskriminasyon nan Ajans Eta yo**

- a. Definisyon
  - i. “Antite Eta ki Afekte” yo dwe vle di tout ajans ak depatman Gouvènè a gen otorite egzekitif sou yo.
  - ii. “Diskriminasyon klas pwoteje” dwe vle di diskriminasyon ki gen rapò ak anplwa, ki ilegal konfòmman ak lwa, règ oswa règleman federal yo, ak/oswa lwa, règ oswa règleman eta yo, ki gen ladan men pa sèlman, Tit VII Lwa sou Dwa Zimen Federal la, Lwa pou Ameriken ki gen Andikap la, ak Lwa sou Dwa Zimen Eta New York la.
- b. Pou nou ka pwomouvwa ankèt efikas, konplè epi ki nan delè apwopriye pou plent sou diskriminasyon kont klas pwoteje yo ki gen rapò ak anplwa yo, apati 1ye Desanm 2018, Biwo Relasyon Anplwaye Gouvènè a (Governor’s Office of Employee Relations, GOER) dwe responsab pou yo mennen tout ankèt sou plent kont diskriminasyon ki gen rapò ak anplwa ke anplwaye, kontraktè, estajyè, oswa lòt moun yo anboche nan anplwa nan Ajans Eta ki Afekte yo depoze, jan sa defini nan Atik III(a)(i) Dekrè sa a.

- c. Ajans Eta ki Afekte sa yo dwe transfere fonksyon ankèt yo konfòmman ak Lwa sou Sèvis Sivil 70.2 a bay GOER epi yo dwe kontinye pèmèt anplwaye sa yo jan GOER asinye yo pou yo fè ankèt sou plent sou diskriminasyon kont klas pwoteje nan antite yo a epi yo dwe kowopere konplètman ak nenpòt ak tout ankèt yo.

#### **IV. Anilasyon Dekrè Egzekitif Avan an**

Dekrè Egzekitif sa a anile epi li ranplase Dekrè Egzekitif Nimewo 6 la, ki te date 18 Fevriye 1983 a.

F È T sou siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan venntwazyèm jou mwa Out

nan ane de mil dizwit.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a